ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№247 (22.905) • 2014 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 25, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Бер М. Л. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиIэ фIыщIэм папщIэ» орденыр етыным и IуэхукIэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Узыншагъэр хъумэнымрэ IэнатIэм зегъэужьынымкIэ фIыщIэ ин зэрыбгъэдэлъым папщIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиIэ фIыщIэм папщIэ» орденыр етын **Бер Мухьэдин Лакъэ и къуэм**.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2014 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м*
*№250-УГ*

***Редакцэм къыбгъэдэкIыу**. «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэхэр я гуапэу дамыгъэ лъапIэмкIэ йохъуэхъу илъэс куэд лъандэрэ редакцэм и ныбжьэгъу пэж Бер Мухьэдин Лакъэ и къуэм.*

• Москва



## Къэрал Советымрэ УФ-м и Президентым и деж Щэнхабзэмрэ гъуазджэмкIэ щыIэ советымрэ зэщIыгъуу къызэрагъэпэща зэIущIэр иригъэкIуэкIащ Путин Владимир. Абы хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий

**<u>ЗэIущIэм гулъытэ хэха щыхуащIащ творчествэм и щхьэхуитыныгъэр хъумэным, Урысейм ис лъэпкъхэм я щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр цIыхухэр гъэсэнымрэ абыхэм я зэхэщIыкIыр къэIэтынымрэ хуэгъэзауэ къэгъэсэбэпыным, урысыбзэм, адрей лъэпкъхэм я бзэхэм зегъэужьыным, нэгъуэщIхэми.</u>**

«ЛЪЭПКЪ куэдым зэтрагъэува ди щэнхабзэр сытым дежи зэIухауэ, фIым хуэунэтIауэ щытщ. Ар дунейпсо гъуазджэм и хабзэхэм япэджэжу, апхуэдэ хабзэхэр езыми игъэбагъуэу къокIуэкI.

Апхуэдэ хабзэхэр ди дежкIэ лъапIэщ икIи абыхэм зедгъэужьын икIи дгъэбэгъуэн папщIэ дэ тхузэфIэкI псори длэжьынущ. Зэи зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым ди щэнхабзэр нэхъри нэхъ зыубгъуауэ дуней псом щыдгъэкIуэтэн зэрыхуейр. Апхуэдэу дунейпсо щэнхабзэм дэ хэтщIыхьахэр дигу къэдгъэкIыжыпхъэщ икIи адэкIэ абы зегъэужьыным хуэгъэзауэ тхузэфIэкIынухэр къыдгурыIуэу щытыпхъэщ», - къыхигъэщхьэхукIащ къэралым и унафэщIым.

Къэрал властым и IэнатIэхэр, жылагъуэ организацэхэр, творческэ, щIэныгъэ, егъэджэныгъэ зэгухьэныгъэхэр щэнхабзэ политикэр гъэзэщIэнымкIэ зэрызэдэлэжьэну щIыкIэм зэгъусэу ирагъэкIуэкIа зэIущIэм щытепсэлъыхьащ.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

## ГъэсапIэ гъуэзэджэ

• Дзэлыкъуэ щIыналъэ

**<u>Къэбэрдей-Балъкъэрым и Премьер-министр Мусуков Алий дыгъэгъазэм и 23-м Дзэлыкъуэ куейм лэжьыгъэ IуэхукIэ щыIащ. Абы щIыгъуащ Правительствэм и унафэщIым и къуэдзэ - узыншагъэр хъумэнымкIэ министр Шэт Ирмэ, ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ министр Тутыкъу Анзор, Дзэлыкъуэ куейм администрацэм и Iэтащхьэ Джатэ Руслан, IуэхущIапIэ щхьэхуэхэм я унафэщIхэр, нэгъуэщIхэри.</u>**



МУСУКОВ Алий япэщIыкIэ къыплъыхьащ ЯтIэкъуэ къуажэм дащIыхьа фельдшер-акушер пунктыр (ФАП). Абдежым Премьер-министрым къыщыпежьащ, къытригъэзэжурэ щIымахуэ жьы къыкъуэум игъэпIыщIами, нэжэгужагъэр зи нэгу къищ къуажэдэсхэмрэ IуэхущIапIэщIэм и лэжьакIуэхэмрэ. МардэщIэм къитIасэу яухуа пунктыр зыхуей хуэгъэзэным сом мелуани 2,8-рэ текIуэдащ. А мылъкур республикэм и бюджетращ къызыхэкIар. Япэм мы къуажэм дэта ФАП-р илъэс 20-кIэ бэджэнду къыIах псэуалъэхэм хэтащ, абы щылажьэхэми зыхуей Iэмэпсымэхэр ямыгъуэту къекIуэкIащ. Абы щыгъуэми мы жылэм цIыху 833-рэ щопсэу. УхуэныгъэщIэм и фIыгъэкIэ зыхуей медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр дяпэкIэ абыхэм ирикъуу ягъуэтынущ. Фельдшер-акушер пунктым хэтщ педиатр, терапевт, хущхъуэ щрахьэлIэ, сабийхэм мастэ щыхаIу, махуэм щеIээз пэшхэр.

Малкэ къуажэм щаухуа физкультурэ, узыншагъэр щрагъэфIакIуэ комплексым и бжэIупэм щыIухьэм, Премьер-министрым къыIущIащ зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэр, еджакIуэ цIыкIухэр, щIыпIэ администрацэм щылажьэхэр, нэгъуэщIхэри. ГуфIэгъуэ щIыкIэм иту къызэрагъэпэща зэхуэсым къекIуэлIахэм хъуэхъу псалъэкIэ зыхуагъэзащ Мусуков Алий, Тутыкъу Анзор, Джатэ Руслан сымэ. Зэхыхьэм кърихьэлIа нэхъыжьыфIхэми я щIыхуэ къызытрагъэнакъым: ягуми я псэми къабгъэдэкIыу, фIыщIэ псалъэ хужаIащ ухуэныгъэщIэр къэгъэунэхуным хэлIыфIыхьа псоми.

Къармэхьэблэ (Каменномост) къуажэм тIысыпIи 140-рэ иIэу щаухуа сабий гъэсапIэм щыкIуам, Правительствэм и УнафэщIым къыхигъэщащ мы IуэхущIапIэр зэман кIэщIкIэ зэрызэфIагъэувар УФ-м и Президентым илъэс кIуам и накъыгъэм къыдигъэкIа указхэм хъарзынэу зэрыпэджэжыр. Iуэхугъуэ куэдым хуэщIа унэм федеральнэ, республикэ бюджетхэм щыщу сом мелуан 70-м щIигъу халъхьащ. Сабий гъэсапIэр зыхуей псомкIи къызэгъэпэщащ. Абы хэтщ щыджэгу, гуфIэгъуэ Iуэхухэр щызэхашэ, музыкэм щыхурагъаджэ, жьыщIапIэ, ету тедзапIэ пэшхэр. Апхуэдэу медпунктрэ щеIээз кабинетрэ яIэщ.

Мусуков Алий зэрыхагъэгъуэзамкIэ, илъэсыщIэм и пэщIэдзэ дыдэм ухуэныгъэщIэм и лэжьыгъэм щIидзэнущ икIи мы сабий гъэсапIэр зэратам и фIыгъэкIэ, Къармэхьэблэ зи школ кIуэгъуэ мыхъуа и цIыкIу псори апхуэдэ IуэхущIапIэкIэ къызэгъэпэща хъунущ.

- Дэ дыхьэзырщ мыпхуэдэ ухуэныгъэхэр иджыри фхузэтедгъэувэну, - жиIащ Мусуковым, гуфIэгъуэ пэкIум къекIуэлIа адэ-анэхэм защыхуигъазэм. - КъытщIэхъуэ сабийхэм гъэсэныгъэ тэмэм ябгъэдэлъхьэным, абыхэм я узыншагъэм щыкIэлъыплъыным хуэгъэзауэ нобэ къызэIутх мы IуэхущIапIэм хуэдэхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэм шэч лъэпкъ къытетхьэркъым.

Дзэлыкъуэ куейм егъэджэныгъэмкIэ и управленэм и унафэщI КъуэщIысокъуэ Ася къызэрыхигъэщамкIэ, сабий гъэсапIэр иджырей мардэхэмкIэ къызыхуэтыншэщ, медицинэ хуэIухуэщIэхэм, пщэфIэным хухаха унэ кIуэцIхэр Iэхуитлъэхуитщ, цIыкIухэм шэджагъуэжей щрагъэщIыну пэшхэр зыкъизыхщ.

*Тхыгъэри сурэтхэри* **КЪУМАХУЭ Аслъэн** *ейщ.*



• ЗэIущIэхэр

## ГъущI гъуэгу станцыр ягъэIэпхъуэну?

**<u>Дыгъэгъазэм и 22-м КъБР-м и Правительствэм щекIуэкIащ КъБР-м щаухуэну гъущI гъуэгу станцымрэ вокзалымрэ я проектхэр зыгъэзащIэ IуэхущIапIэхэм я зэдай комиссэм и зэIущIэ. Нэхъыщхьэу зытепсэлъыхьар КъБР-мрэ «Урысей гъущI гъуэгухэр» ОАО-мрэ зэращIылIэ зэгурыIуэныгъэм щыщ Iыхьэхэрщ.</u>**

ЗЭIУЩIЭР къызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ **Алътуд Юрий**. Абы къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ «Налшык» станцым и гъущI гъуэгу вокзалыр 1949 гъэм ящIауэ зэрыщытар, ар иджырей мардэхэм къызэримызэгъэжыр, цIыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным хуэщIауэ зэрыщымытыр.

- Къалэм дэт гъущI гъуэгу зэпрыкIыпIэхэм я зэранкIэ машинэхэр щызэтрихьэ куэдрэ къохъу. КъищынэмыщIауэ, вокзалым тет вагон зэпыщIа къомыр цIыхухэми щIыуэпсми я дежкIэ сэбэпкъым. Апхуэдэ гугъуехьхэр гъэзэкIуэжа хъун папщIэ 2014 гъэм и жэпуэгъуэм КъБР-м и Правительствэмрэ «Урысей гъущI гъуэгухэр» ОАО-мрэ зэгурыIуэныгъэ зэращIылIауэ щытащ. ГъущI гъуэгу вокзалыр Налшык къалэ дэхыным арэзы техъуащ УФ-м и Правительствэри ТранспортымкIэ и министерствэри. Мы Iуэхур зэфIэкIмэ, жылагъуэ транспортымкIэ къэзыкIухьхэри зи машинэ исхэри нэхъ тыншынущ, зэтрихьэхэр нэхъ мащIэ хъунущ, - жиIащ Алътудым. Абы къыхигъэщащ гъущI гъуэгу вокзалыр къалэм дахмэ, федеральнэ гъуэгум пэгъунэгъу зэрыхъум и фIыгъэкIэ, Нарткъалэ, Май щIыналъэм, нэгъуэщIхэми къикI машинэхэр къалащхьэм къызэрыдэмыхьэнур, абы гъуэгухэр хуит зэрищIынур.

Комиссэм и унафэщIхэм ящыщ, «Урысей гъущI гъуэгухэр» ОАО-м и дирекцэм и унафэщIым и къуэдзэ **Шмыголь Илья** къыхигъэщащ республикэ унафэщIхэм тыншу дэлэжьэн зэрыщIадзар, ахэр жыджэру Iуэхум иужь зэритыр. Шмыголь зэрыжиIамкIэ, проектым текIуэдэну ахъшэр федеральнэ, республикэ бюджетхэм къыхэкIынущ, банкхэм щIыхуэу къыIрахынущ, инвесторхэри къыхашэнущ.

Комиссэм хэт IэщIагъэлIхэр зэчэнджэщри, проектым зэхъуэкIыныгъэу халъхьэжын хуейхэмкIэ зэгурыIуащ.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

• КъБР-м и Жылагъуэ палатэм

## ЗэфIагъэкIахэмрэ ящIэнухэмрэ

**<u>Дыгъэгъазэм и 23-м КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэтхэм я зэIущIэ Налшык щекIуэкIащ.</u>**

ЖЫЛАГЪУЭ палатэм и унафэщI **Чеченов Ануар** 2014 гъэм зэфIагъэкIахэмрэ зыхунэмысу къэнахэмрэ къытеувыIащ. Абы къызэрыхигъэщамкIэ, къэрал властымрэ жылагъуэмрэ зэгъусэу лъэпощхьэпо куэдым ебэкъуэн яхузэфIэкIащ. Чеченовым жиIащ жылагъуэм зиужьыным къыхуэщхьэпэну Iуэхухэр гъэкIуэтэныр палатэм и къалэн пажэу, цIыхухэм я гуныкъуэгъуэмрэ гукъеуэмрэ къэрал унафэщIхэм я деж нагъэсыфу зэрыщытыпхъэр. Апхуэдэу зэдэлажьэмэщ ди республикэм и Iэтащхьэм иубзыхуа Iуэхухэр щызэфIахыфынур. Къэпсалъэм и гугъу ищIащ Жылагъуэ палатэм хэтхэм щыщу зи лэжьыгъэм арэзы темыхъуэхэм, абыхэм жылагъуэр къазэрыщыгугъым и жэуаплыныгъэр зэрызыхамыщIэр игу къызэреуэр.

ЗэIущIэм хэтахэр тепсэлъыхьащ Жылагъуэ палатэм и комиссэхэм я унафэщIхэм 2014 гъэм зэфIагъэкIахэм, Кавказ Ищхъэрэм щыIэ жылагъуэ палатэхэм я зэгухьэныгъэ къызэгъэпэщыным. ЗэгурыIуащ палатэм и Советым хагъэхьэнухэмкIэ. Ахэр цIыху 12 мэхъу. Ягъэбелджылащ илъэсыщIэм ящIэну я мурадхэр.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщIым и къуэдзэу **Жаным Руслан** зэIущIэм щыхахащ.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**

## Уэрамхэр зэхуащI

2014 гъэм дыгъэгъазэм и 25-м къыщыщIэдзауэ 2015 гъэм щIышылэм и 1 пщIондэ Налшык и уэрамищым транспорту щызекIуэр ягъэмэщIэнущ.

ПащIэм и цIэр зезыхьэ уэрамым хыхьэу Ахъуэхъумрэ Толстоймрэ я цIэкIэ щыIэхэм я кум дэлъ гъуэгум, жылагъуэ транспортым нэмыщI, нэгъуэщI щызэрагъэкIуэнукъым. Толстойм и цIэр зезыхьэ уэрамым ПащIэмрэ Ленинымрэ я цIэкIэ щыIэхэм я зэхуакури щызэхуащIынущ.

Ленинным и проспектми транспортыр щагъэмэщIэнущ. Къапщтэмэ, дыгъэгъазэм я 31-м сыхьэт 13-м щегъэжьауэ щIышылэм и 1-м сыхьэтих пщIондэ Къэрэшеймрэ Кулиевымрэ я цIэкIэ щыIэ уэрамхэр, сыхьэт 23-м къыщыщIэдзауэ Головко, Балъкъэр уэрамхэр зэпызыщIэ гъуэгу Iыхьэхэм жылагъуэ транспорт фIэкIа трагъэхьэнукъым.

**УЯНАЕВЭ Заринэ.**

• Илъэсыщ Iэ-2015

## Москва кIуэну загъэхьэзыр

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ школакIуэу 36-рэ Москва ягъэкIуэ Кремлым щекIуэкIыну илъэсыщIэ дауэдапщэхэм хэтын папщIэ. Я нэхъыбапIэкIэ ахэр сабий зеиншэхэрщ, адэ-анэм я жьауэм щIэмытыж сабийхэрщ, МВД-м и лэжьакIуэхэм ящыщу я къалэныр ягъэзащIэу хэкIуэдахэм я бынхэрщ, апхуэдэу зэпеуэ, олимпиадэ зэмылIэужьыгъуэхэм, спорт зэхьэзэхуэхэм къыщыхэжаныкIа, апхуэдэу фIы дыдэу еджэ цIыкIухэрщ.

Мы гъэм Москва кIуа сабийхэм яхэтщ КъБР-м и муниципальнэ район, къалэ округ псоми ящыщхэр. Абыхэм ящIыгъущ КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм, медицинэм, къэрал кIуэцI органхэм я лэжьакIуэхэр, егъэджакIуэхэр.

**НЫБЭЖЬ Таисэ.**

• Тыгъэ

## Дэтхэнэми сом мин 20-кIэ хуоупсэ



**<u>Илъэсыщ Iэм ирихьэлIэу Хэку зауэшхуэм и ветеран 434-м яхуэгуэпэнущ - Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий ищIа пщэрылъым тету, дэтхэнэми сом мин 20-кIэ зыщIагъэкъуэнущ.</u>**

СОЦИАЛЬНЭ лэжьакIуэхэмрэ пощтзехьэхэмрэ а Iуэху гуапэр дыгъуасэ яублащ. Къапщтэмэ, налшыкдэс ветеранхэу Мовсесян Черкес, Щомахуэ Лъостэн, Холаев Магомед, Булгаков Иван сымэ я тыгъэр Iэрагъэхьэжащ.

КъБР-м ЛэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм зэрыщыжаIамкIэ, Илъэсыщ Iэм ипэ къихуэу, республикэм и щIыпIэ псоми а пщэрылъыр щызэфIагъэкIынущ.

НэхъыжьыфIхэм зэрызыщIагъакъуэ мылъкур КъБР-м и Iэтащхьэм и гъэтIылъыгъэ фондым къыхэкIынущ.

**ХЬЭТЫКЪУЭ ЩауапцIэ.**

## Мы махуэхэм

**Дыгъэгъазэм и 25, *махуэку***

**●Хьисэ бегъымбарыр (католикхэм я махуэгъэпсым зэрыжиIэмкIэ) къалъхуащ**

●1934 гъэм япэу ягъэлъэгъуащ Александров Григорий игъэува «Веселые ребята» фильмыр.

●1942 гъэм 37-нэ армэм и дзэхэр фашистхэм яубыда Налшык къебгъэрыкIуэу хуежьащ.

●1989 гъэм къэралым зэрызехьэ къыщыхъури, яукIащ Румынием и Iэтащхьэу илъэс куэдкIэ лэжьа Чаушеску Николае.

●Совет Союзым и ЛIыхъужь **Къанкъуэщ Ахьмэдхъан** къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу.

●Совет Союзым и ЛIыхъужь **Байсултанов Алим** къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу.

●Совет Союзым и ЛIыхъужь **Яхэгуауэ Михаил** къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу.

●Композитор, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Балэ Мухьэдин** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

●Сабий дохутыр цIэрыIуэ, медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Кубаным щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Адыгэ Республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Бжьахъуэ Чэрим** и ныбжьыр илъэс 89-рэ ирокъу.

●УсакIуэ, литературэдж, критик, щIэныгъэлI цIэрыIуэ **Сокъур Мусэрбий** къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.

●ТхакIуэ, журналист **Щхьэумэжь БетIал** къызэралъхурэ илъэс 81-рэ ирокъу.

●СССР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща, Совет Союзым и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэу щыта, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Дэгужий Виталий** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

●УсакIуэ, тхакIуэ **КIэщт Мухьэз** къызэралъхурэ илъэс 77-рэ ирокъу.

●Пакистаным и премьер-министр **Шариф Наваз** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

●1919 гъэм РСФСР-м и ЦIыхубэ комиссархэм я советым унафэ къыдигъэкIащ къэралым щIэныгъэншагъэр щыгъэкIуэдыным теухуауэ зэфIэгъэкIыпхъэхэр щыубзыхуауэ.

●1991 гъэм СССР-р зэрыщымыIэжымкIэ Декларацэр къащтащ.

●Къэрал, политикэ лэжьакIуэ, Адыгэ Республикэм и облисполкомым и унафэщIу щыта **НапщIэкъуий Сэхьид** къызэралъхурэ илъэси 102-рэ ирокъу.

●КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Мыз Борис** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

●Актер, уэрэджыIакIуэ, Урысей Федерацэм и цIыхубэ артист **Боярский Михаил** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

●Къэрал, политикэ лэжьакIуэ, Абхъаз Республикэм и ещанэ президенту щыта **Анкваб Александр** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

**<u>Дунейм и щытыкIэнур</u>**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 8, жэщым градуси 4 - 5 щыхъунущ.

**Дыгъэгъазэм и 26, *мэрем***

**●Саугъэтхэм я махуэр** щагъэлъапIэ Инджылызым, Австралием, Канадэм, нэгъуэщI къэрал зыбжанэми. А махуэм саугъэтхэмкIэ, ерыскъы IэфIкIэ ягъэгуфIэ хуэмыщIауэ псэу унагъуэхэр.

●1825 гъэм Сенатым и утым декабристхэм зыкъыщаIэтащ.

**<u>Дунейм и щытыкIэнур</u>**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 3 - 6, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**ЩIымахуэм къэрэкъурэ гъагъэрэ?**

• Хъыбарегъащ Iэ

## Уае Дадэр къыфпоплъэ

2014 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м щыщIэдзауэ 2015 гъэм щIышылэм и 5 пщIондэ Профсоюзхэм щэнхабзэмкIэ я унэм (Кулиевым и цIэр зезыхьэ уэрам, 12) щекIуэкIынущ сабий мини 10-м нэблагъэ зыхэтыну илъэсыщIэ гуфIэгъуэ зэхыхьэхэр. Абы цIыкIухэм къащыпоплъэ Уае Дадэр, Уэс Гуащэр, фIыуэ ялъагъу таурыхъхэм узыщрихьэлIэ Бараш, Крош, Цыжьбанэр зыхэтыну театр теплъэгъуэхэр, саугъэтхэр.

УпщIэ зиIэхэр Профсоюзхэм щэнхабзэмкIэ я унэм и кассэм фыпсалъэ.

• Гу зылъытапхъэ

## Ямыгъэкъуаншэ яхэткъым

**<u>IэщэкIэ зэщIэузэда бзаджащIэхэр Налшык зэрытеуам теухуа уголовнэ Iуэхур и кIэм нагъэсащ. КъБР-м и Суд Нэхъыщхьэм а Iуэхум пыщIа псори къуаншэу къилъытащ.</u>**

2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м IэщэкIэ зэщIэузэда щIэпхъаджащIэхэр Налшык щыIэ хабзэхъумэ IэнатIэхэм щытеуам, махуитIкIэ екIуэкIа зэхэуэм хэкIуэдащ хабзэхъумэрэ дзэ къулыкъущIэу 35-рэ, цIыху мамыру 15. Къарузехьэ, хабзэхъумэ IэнатIэхэм къалэныр щезыхьэкIыу 129-рэ, республикэм и щыхьэрым щыпсэу цIыху 66-рэ уIэгъэ хъуащ.

Суд зытращIыхьа 57-м ящыщу 5-м я гъащIэр тутнакъым щахьынущ. Ахэр Мэшыкъуэ Анзор, Бапинаев Мурат, Кучменов Аслъэн, Кудаев Расул, Миронов Эдуард сымэщ. Адрейхэм илъэси 4-рэ мази 10-м щыщIэдзауэ илъэс 25-м нэс тралъхьащ.

Суд зытращIыхьахэр ягъэкъуаншэ террор, бандэ Iуэхугъуэхэм, цIыху укIыным зэрыпыщIам, зэщIэгъэуIуа щIэпхъаджащIэ гупхэм зэрахэтам, хабзэхъумэ органхэм я лэжьакIуэхэм зэрытеуам къыхэкIыу, нэгъуэщIхэмкIи. Абыхэм ящыщу 2-р - илъэси 4-рэ мази 10-рэ, илъэси 5 зытралъхьахэр - следствэр щекIуэкIа зэманым къриубыдэу тезырыр япшынауэ къалъытащ. Фигу къэдгъэкIыжынщи, суд Iуэхур илъэси 9-м нэблагъэкIэ екIуэкIащ.

Урысей Федерацэм и Следственнэ комитетым и официальнэ лIыкIуэ Маркин Владимир зэрыжиIамкIэ, Iуэхур щызэхагъэкIым следствэ лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкIащ - зэпэщIэувэныгъэхэр къыщыхъуа щIыпIэхэр 126-рэ къаплъыхьащ, цIыху куэдым еупщIащ, суд экспертизэ куэд ирагъэкIуэкIащ. Псори зэхэту уголовнэ Iуэхухэр том 1896-рэ мэхъу.

**НАЛШЫК Санэ.**

● ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 70 щрикъум ирихьэлIэу

# ЛIыхъужь и лъэужь кIуэдыркъым

**Хэку зауэшхуэр щекIуэкIа илъэсхэм ди лъахэм и къуэ пажэ куэдым лIыхъужьыгъэрэ хахуагъэрэ ягъэлъэгъуащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ цIыху 26-м Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр къыфIащауэ щытащ. Нобэ къыщалъхуа махуэщ Совет Союзым и ЛIыхъужьхэу Къанкъуэщ Ахьмэдхъан (1914), Байсултанов Алим (1919), Яхэгуауэ Михаил (1919).**



**Къанкъуэщ Ахьмэдхъан** 1942 гъэм и дыгъэгъазэ мазэм фронтым Iухьэри еянэ авиацэ полкым хэту зэуащ. Зы илъэсым кърикубыдэу Ахьмэдхъан зэуэну уэгум 174-рэ ихьащ.

Абы и закъуэ биим и кхъухьлъатэ 12, гупым и гъусэу 3 къриудыхащ, кхъухьлъатэ 13 мылъэтэжыфыну зэхикъутащ, автомобиль 15-рэ зенит здэщыт щIыпIищрэ хьэлэч ищIащ, биим и сэлэтхэр зэрыс баржэ игъэсащ.

Къанкъуэщым Лениным и орденымрэ Бэракъ Плъыжьым и орденитIрэ къыхуагъэфэщауэ щытащ. Ар езыр Керчь деж 1943 гъэм щыхэкIуэдащ.



**Байсултанов Алим** Хэку зауэшхуэм хэтащ 1941 гъэм щегъэжьауэ. Ар уэгум щызэуэну 277-рэ зиIэтащ, биим и кхъухьлъатэу 7 къриудыхащ, щIылъэми 2 къыщигъэуащ.

1942 гъэм жэпуэгъуэм и 23-м лIыгъэрэ хахуагъэрэ къызэригъэлъэгъуам папщIэ Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр къыфIащащ. 1943 гъэм жэпуэгъуэм и 28-м Сескар хытIыгум (Фин псыдэлъэдапIэ) деж зауэм щыхэкIуэдащ. Байсултановым къыхуагъэфэщащ Ленин орденыр, тIэунейрэ Бэракъ Плъыжьым и орденыр, медалхэр.



**Яхэгуауэ Михаил** 1942 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм щегъэжьауэ 74-нэ стрелковэ дивизэм, Украинэм и 1,2,3-нэ фронтхэм телефонисту щыIащ.

Псом хуэмыдэу ар къыщыхэжаныкIащ Черниговэ-Припятскэ зэхэуэмрэ Днепр плацдармыр щаубыдамрэ.

Зауэм къыщигъэлъэгъуа лIыхъужьыгъэхэм папщIэ абы Лениным орденымрэ Хэку зауэшхуэ медалымрэ и япэ дамыгъэмрэ къыхуагъэфэщащ. Налшык къалэ ЩIыхь зиIэ и цIыхущ. 1990 гъэм дунейм ехыжащ.

● Къулыкъуухэр

## «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпанием и унафэщI Фырэ Руслан

Урысейпсо къэрал телерадиокомпанием и генеральнэ директорым и къуэдзэ Сабитов Рифат «Къэбэрдей-Балъкъэр» телерадиокомпанием и лэжьакIуэхэм я пащхьэ иришащ а IэнатIэм и унафэщIу ягъэува Фырэ Руслан Борис и къуэр.

«Фырэ Руслан «Къэбэрдей-Балъкъэр» телерадиокомпанием и унафэщIу гъэувыным теухуа унафэм Iэ щIидзащ ВГТРК-м и генеральнэ директор Добродеев Олег», - жиIащ Сабитов Рифат.

«Сыкъызыхыхьа гупым зэфIэкI бгъэдэлъщ, мыбы щылажьэ дэтхэнэ зыри и IэщIагъэм хуэIэкIуэлъакIуэщ. Апхуэдэу щыщыткIэ, япэкIэ дыкIуэтэфыну, ВГТРК-м къытхуигъэув къалэнхэр нэсу тхуэгъэзэщIэну согугъэ», - къыхигъэщащ щIэуэ ягъэува унафэщIым.



Фырэ Руслан республикэм исхэм фIыуэ яцIыху, ар нэхъ япэкIэ щэнхабзэмкIэ министру, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэу щытащ.

● Хъыбар гуапэ

## ПщIэ лъагэ

**УФ-м и Правительствэм и унафэ дыгъэгъазэм и 11-м къыдэкIащ хъыбарегъащIэ IэнатIэм епхауэ 2014 гъэм лэжьыгъэфI зэфIэзыгъэкIахэм Урысей Федерацэм и Правительствэм и саугъэтыр етыным теухуауэ.**

АР ЗЫХУАГЪЭФЭЩАХЭМ ящыщщ ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и художественнэ унафэщI Фырэ Руслан. Саугъэтыр къыщIратар «Пащтыхьымрэ пащтыхь гуащэмрэ» спектаклырщ. Ар Толстой Алексей и «Орел и Орлица» пьесэм къытращIыкIащ.

Фырэ Руслан дохъуэхъу къэралым гулъытэ къыщIыхуищIын лэжьыгъэ куэд иджыри и гуащIэм къихьыну.

***Дунейпсо Адыгэ Хасэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэ.***

## Лэскэн муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ АфIэунэ Аслъэн

Лэскэн муниципальнэ районым щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ и советым дыгъэгъазэм и 23-м иригъэкIуэкIа зэIущIэм хэтахэм а щIыналъэм и Iэтащхьэм и къулыкъур хуагъэфэщащ АфIэунэ Аслъэн Мартин и къуэм.



АфIэунэ А. М. 1961 гъэм щэкIуэгъуэм и 27-м КъБАССР-м и Аруан районым хыхьэ Урыху къуажэм къыщалъхуащ. Экономист IэщIагъэр Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щызригъэгъуэтащ.

Абы 1978 гъэм «Урыху» совхозым рабочэу лэжьэн щыщIидзащ. 1982 - 1997 гъэхэм Аруан консерв заводым, Тэрч и гъавэ комбинатым, «Къэббалъкъгъавэпродукт» акционер зэгухьэныгъэм бухгалтер нэхъыщхьэу щыIащ. «Налшык IэфIыкIэ фабрикэ» акционер зэгухьэныгъэм и унафэщIым и къуэдзэу, КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и «Чайка» реабилитацэ центрым и унафэщIу, КъБР-м Физкультурэмрэ спортымкIэ и къэрал комитетым и унафэщIым и къуэдзэу, иужькIэ унафэщIу щытащ. 2008 гъэм щегъэжьауэ 2014 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм нэсыху КъБР-м спортымкIэ и министру лэжьащ.

КъБР-м физкультурэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ.

## Iуащхьэмахуэ район судым и тхьэмадэ Эфендиев Мурат



Урысей Федерацэм и Президент Путин В. В. «Федеральнэ судыщIэхэр гъэувыным и Iуэхукlэ» 2014 гъэм дыгъэгъазэм и 5-м къыдигъэкIа Указ №757-мкIэ Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Iуащхьэмахуэ район судым и тхьэмадэу игъэуващ Эфендиев Мурат Ахъмэт и къуэр.

КъБР-м и Суд департаментым и управленэм и унафэщI Iугъуз Мухьэмэд, Iуащхьэмахуэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ Уянаев Кязым, Iуащхьэмахуэ районым щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ и советым и унафэщI Отаров Исмаил, прокуратурэм, ФСБ-м, МВД-м, Суд приставхэм я управленэм, СледствиемкIэ комитетым, НалогхэмкIэ управленэм я район IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэр къырихьэлIэу екIуэкIа зэIущIэм хэтахэм Эфендиев Мурат ярагъэцIыхуащ КъБР-м и Суд Нэхъыщхьэм и унафэщI Мер Юрий.

Эфендиев Мурат Ахъмэт и къуэр 1977 гъэм жэпуэгъуэм и 26-м Налшык къалэм къыщалъхуащ.

МВД-м и къэрал кIуэцI дзэхэм я институту Саратов къалэм дэтыр юриспруденцэ IэщIагъэмкIэ 1999 гъэм къиухащ. Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ Шэрэдж район администрацэм и деж щыIэ IуэхущIапIэм следствиемкIэ и къудамэм и следователь нэхъыжьу, Коми Республикэм хыхьэ Усинск къалэ судым и судыщIэу, КъБР-м и Суд Нэхъыщхьэм и судыщIэу лэжьащ.

## Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Бэрбэч Алим

Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэу ягъэуващ Бэрбэч Алим Хьэзешэ и къуэр. Ар Дыгулыбгъуей къуажэм къыщалъхуащ. УхуэныгъэмкIэ инженер IэщIагъэр иIэу Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр 1992 гъэм къиухащ. А илъэс дыдэм щхъуантIагъэхэр гъэкIынымкIэ Бахъсэн къалэм и IуэхущIапIэм бухгалтеру лэжьэн щыщIидзащ.

2014 гъэм и мэкъуауэгъуэ мазэм щегъэжьауэ Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ къалэр зэIузэпэщ щIынымкIэ и управленэм и унафэщIу щытащ.

Унагъуэщ, быниплI иIэщ.

## IэмалыщIэхэр къагъэсэбэп

● Узыншагъэ

**Республикэ клиникэ сымаджэщым Лъынтхуэ узыфэхэм щеIэзэ и центрым рентгенохирургие Iэмалхэр къагъэсэбэпурэ узыр къыщахутэ икIи щеIэзэ и къудамэм и унафэщI Акъбащ Марьянэ иджыблагъэ операцэ хьэлъэ иригъэкIуэкIащ. Дохутырхэм зэрыжаIэмкIэ, гум екIуалIэ лъынтхуэхэм еIэзэнымкIэ нэхъыфIу къалъытэ стентирование Iэмалыр къагъэсэбэпу операцэ ящIа Мамыкъуэ Алим мы зэманым и щытыкIэмкIэ шынагъуэ щыIэкъым.**

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ - узыншагъэр хъумэнымкIэ министр Шэт Ирмэ Лъынтхуэ узыфэхэм щеIэзэ центрым щыIащ икIи дохутырхэм ехъуэхъуащ операцэр ехъулIэныгъэ яIэу зэрызэфIагъэкIамкIэ. «Ди республикэм и цIыхухэм гу-лъынтхуэ узыфэхэр нэхъыбэу зэраIэр къэплъытэмэ, а унэтIыныгъэм щыдиIэ зэфIэкIхэм адэкIи жыджэру зэрыхэдгъэхъуэным дыхущIэкъунущ, - жиIащ министрым. - Операцэм къыщагъэсэбэп Iэмэпсымэхэр (стентхэр) ФIэкIыпIэншэ медицинэ страхованэмкIэ щIыналъэ фондым и мылъкукIэ къащэхуащ. Къапщтэмэ, зы стентыр сом мини 100 и уасэщ. Ди республикэм апхуэдэ операцэ хуэныкъуэу цIыху 600-м нэблагъэ щопсэу. Мы зэманым стентирование Iэмалыр къагъэсэбэпу операцэхэр зэращIынум зыщыхуагъэхьэзыр Кардиологие центрми. Нэхъапэм апхуэдэ сымаджэхэр федеральнэ центрхэм дгъэкIуэу щытащ, иджы республикэм и цIыхухэм апхуэдэ медицинэ Iуэхутхьэбзэр ди щIыпIэми щыхуащIэфынущ».

***КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и пресс-IуэхущIапIэ.***

Экономикэ
Политикэ
# Махуэку
Кавказ Ищхъэрэ
Жылагъуэ Iуэху

## ПроцентипщIкIэ ягъэмащIэ

**Къэралым игъэкIуэдыну мылъкур 2015 гъэм процентипщIкIэ ягъэмэщIэнущ. Апхуэдэ унафэ къыщащтащ УФ-м и Премьер-министр Медведев Дмитрий и деж иджыблагъэ щекIуэкIа зэIущIэм.**

ФЕДЕРАЛЬНЭ къулыкъущIищым «Ведомости» газетым къызэрыжраIамкIэ, къащта 2015 гъэм и бюджетым и процент 90-ращ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ Iэрагъэхьэнур.

Абы щыгъуэми премьерым и пресс-секретарь Тимаковэ Наталье къыхигъэщащ: «Правительствэм и закъуэу бюджетым кIэригъэхуфынукъым, абы папщIэ законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн хуейщи. Арати, министерствэхэм я лимитыр ягъэмэщIащ, зыкIэрагъэхунухэр езыхэм яубзыхужыфын хуэдэу».

*«Ведомости»*

● Мылъку

## Къыпхуэмылъытэн хэщIыныгъэ

**США-мрэ КъухьэпIэмрэ Урысейм къращIылIа санкцэхэм къахьыну хэщIыныгъэхэр хуабжьу инщ икIи доллар триллионым ноблагъэ.**

КЪЭРАЛ зызыужьа нэхъ иниблым я Iэтащхьэхэм, Еврокомиссэмрэ Евросоветымрэ я президентхэм зэгъусэу къыжаIащ Украинэр зэкъуэзыудыну яужь итхэр дэIыгъыныр Кремлым щимыгъэтмэ, Урысейм иращIылIа санкцэхэр нэхъ ткIиижу зэращIынур. Политикхэм къыхагъэщакъым ахэр къыщыхалъхьэну пIалъэр, ауэ жаIэ иджыпстукIэ хэкIыпIитI зэрыщыIэр - текъузэныгъэхэр Iухыжыпэнри, ахэр гъэткIиинри.

Германием и канцлер Меркель Ангелэ нэхъ пасэIуэу жиIащ: «Дэ Урысейр къыхудоджэ сепаратисхэм хуиIэ и зэфIэкIхэр къигъэсэбэпу, ОБСЕ-м и Iэмалхэри лъэныкъуэ иримыгъэзу, гъунапкъэр кIэлъыплъыныгъэм щIигъэувэжыну. Урысейм иджыри Iэмал иIэщ санкцэхэр зыгъэкIуэдыну зэпэщIэувэныгъэр щымыгъэIэным и гъуэгур къыхихыну. Апхуэдэу имыщIмэ, абы и Iуэхузехьэкlэ къемызэгъым пэдгъэувыну уасэм (Урысейм щIитынум) щIедгъэгъуну дыхьэзырщ».

Евросоюзым и унафэщIхэмрэ къэрал зызыужьахэм я Iэтащхьэхэмрэ я заявленэм къыхощ санкцэхэр къащтэным щхьэусыгъуэ зэрыхуэхъуар «Малайзие авиалинэхэм» я кхъухьлъатэр къраудыха иужькIэ Кремлымрэ абы и унафэм щIэт къарухэмрэ я IуэхущIафэхэр. «Щхъуэфэцыр зыгъэтэдж а щIэпхъаджащIэм (УрысеймкIэ еIэ боевикхэм яIыгъ щIыналъэм граждан кхъухьлъатэ къызэрыщраудыхар) мы зэпэщIэтыныгъэм хэт сытми зэхигъэкIын хуеящ. Абы Урысейм щригъэгъэтыпхъэт хабзэм къемызэгъыу Iэщэ къэзыщта къарухэр диIыгъыныр... къищынэмыщIауэ Iэщэр, Iэмэпсымэхэр, зауэлIхэр гъунапкъэм къызэпригъэкIыурэ къаIэригъэхьэныр. АрщхьэкIэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, Урысейр зытет гъуэгум къытекIакъым», - итщ документым.

Заявленэм щытепсэлъыхьым Еврокомиссэм и президентым и пресс-секретарь Аренкильде Пиа жиIащ текъузэныгъэр ягъэлъэщын папщIэ Iуэхур нэхъри щызэIыхьэнум зэрыпэмыплъэнур. Абы папщIэ ирикъунущ Украинэм и къуэкIыпIэ лъэныкъуэм мамырыгъэр щызэфIэувэжынымкIэ Мэзкуу зыри имыщIэныр.

Европэм и хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм къызэратымкIэ, санкцэхэм я зэранкIэ илъэс гъунэгъухэм Урысейм доллар триллион фIэкIуэдынущ. Псом хуэмыдэу ар зыхащIэнущ щIыдагъэмрэ газымрэ елэжьхэм. Урысейм ЭнергетикэмкIэ, Промышленностымрэ сатумкIэ и министерствэхэм зэрыщыжаIэмкIэ, щIыдагъэмрэ газымрэ зэрелэжь Iэмэпсымэхэм я Iыхьэ плIанэр ди компаниехэм хамэ къэралхэм къыщащэху. Ахэр зэрызэпыуам я зэранкIэ, къалэжьым тонн мелуан 26 - 52-кIэ илъэс къэс хэщIынущ. Я Iуэхухэр тыншынукъым энергетикэм, финансхэм, нэгъуэщI IэнатIэхэми пыщIахэм я дежкIэ.

ХэщIыныгъэшхуэ ягъуэт санкцэхэр къыхэзылъхьахэми. Дауи, а псори зи фэм дэкIыжыр лъэныкъуитIымкIи щыIэ цIыхубэрщ. Абы къегъэув лъэныкъуэхэр зэгурыIуэу нэхъапэми хуэдэу мамыру зэдэпсэуну, зым имыIэмкIэ, адрейр дэгуашэу.

**ЗУБОВ Денис.**
*«Труд»*

**2016 гъэм и пэщIэдзэм щегъэжьауэ Урысей Федерацэм щагъэткIиинущ цIыхухэм я лэжьапIэ IэнатIэр дипломкIэ зэрагъэгъуэта IэщIагъэм зэрыхуэкIуэр къэпщытэныр.**

ДЫЗЫХУЭКIЭ илъэсым и пэщIэдзэм Къэрал Думэм къищтэнущ Лэжьыгъэ кодексым IэщIагъэ мардэхэр (профстандартхэр) Iэмал имыIэу къыщыгъэсэбэпыным теухуа зэхъуэкIыныгъэхэр. НэгъуэщIу жыпIэмэ, IэнатIэ пэрыт лэжьакIуэхэр а IэщIагъэм хуеджауэ, зэфIэкI яIэу щытын хуейщ. А мардэхэр 2016 гъэм щыщIэдзауэ къэрал IуэхущIапIэхэм, 2020 гъэм щегъэжьауэ адрей IэнатIэ псоми къыщагъэсэбэпынущ. Къащта мардэхэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэми ехьэлIащ, а IэщIагъэм хуемыджамэ, абыхэм ящыщ куэд ягъэлэжьэнукъым.

IэщIагъэ мардэхэр (лэжьакIуэм иIэн хуей щIэныгъэмрэ зэфIэкIымрэ щыубзыхуар) къэрал IуэхущIапIэхэм къызэрыщагъэсэбэпын хуейр 2013 гъэм дыгъэгъазэм и 13-м Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир къигъэуващ. 2014 гъэм и мэкъуауэгъуэ мазэм Правительствэм абы хуэфащэ зэхъуэкIыныгъэ Лэжьыгъэ кодексым и 31-нэ Iыхьэм (лэжьакIуэхэр зэрагъэхьэзырым и Iуэхум) хилъхьащ. Япэ еджэгъуэкIэ ахэр Къэрал Думэм мы гъэм и фокIадэ мазэм къыщащтащ. Лэжьыгъэмрэ социальнэ политикэмкIэ комитетым и унафэщI Баталинэ Ольгэ зэрыжиIамкIэ, проектым хэпщIыкIыу хэлэжьыхьыжащ икIи етIуанэ еджэгъуэм хуагъэхьэзыращ, арщхьэкIэ илъэсыщIэ зыгъэпсэхугъуэхэр къызэрыблэгъам къыхэкIыу, абы и хэплъэныр ягъэIэпхъуащ.

Лэжьыгъэ кодексым хагъэхьащ IэщIагъэ мардэхэр IэнатIэ зытхэм къызэрагъэсэбэпыну щIыкIэр зыубзыху 195.2 статья щхьэхуэр. 2016 гъэм щIышылэм и 1-м щыщIэдзауэ ар фIэкIыпIэншэу щытынущ IуэхущIапIэ псом я дежкIи, къызэрыпсэу мылъкум и процент 50-м щIигъур къэрал, муниципальнэ бюджетым къыхэкIмэ.

ЮстицэмкIэ министерствэм иджыпстукIэ IэщIагъэ мардэу 199-рэ щатхащ. Ахэр псори зэхэту 350-рэ хъун хуейщ. Гъэмахуэм хьэзыр хъуащ «СМИ-м и корреспондент», «СМИ-м и редактор» IэщIагъэ мардэхэр. Иужьыр тIууэ ягуэш. Языныкъуэхэр корреспондентхэм ятхахэм хэлэжьыхьыжын, ахэр яунэтIын хуейщ. Абы папщIэ езыхэр илъэс ныкъуэ нэхъ мыхъуами корреспонденту лэжьауэ икIи СМИ-м и IэщIагъэлI дипломыр яIэу щытыпхъэщ. Адрейхэм редакцэм и лэжьыгъэр къызэрагъэпэщ (проект зэмылIэужьыгъуэхэр къыхэлъхьэным щыщIэдзауэ нэгъуэщIхэм зэпыщIэныгъэ хуаIэныр убзыхуным нэс). Апхуэдэхэр илъэсищкIэ нэхъ мыхъуми репортёр е редактор лэжьыгъэ иракьэкIауэ щытыпхъэщ. Корреспондентхэм Iэзагъэрэ щIэныгъэкIэ зыри паубыдыркъым, щIэныгъэ ищхьэ зэраIэн хуейм фIэкIа.

ВГТРК-м мы Iуэхугъуэм официальнэу щытхутепсэлъыхьын ядакъым. «Коммерсантъ»-м къызэрищIамкIэ, холдингым и лэжьакIуэхэм я нэхъыбэр журналист IэщIагъэм хуеджащ икIи яхуэфэщэн Iэзагъ ябгъэдэлъщ. Апхуэдэ дыдэ щытыкIэ щыщыIэщ Урысейм и жылагъуэ телевиденэми (ОРТ). «Московский комсомолец» газетыр зи IэмыщIэ илъ икIи абы и редактор нэхъыщхьэ Гусев Павел (геологокъэхутакIуэ, литературэ институтхэр къиухащ) «Коммерсантъ»-м къыжриIащ иужьрей илъэс зытхухым журналист IэщIагъэ зиIэ лэжьакIуэхэр щIагъуэу къызэримыщтэр. Ар щогугъ мы хабзэм

● Лэжьыгъэ

## IэщIагъэмрэ IэнатIэмрэ зэхуэгъэкIуэж



IэщIагъэ мардэхэр Къэрал Думэм къыхэзылъхьа комитетым и унафэщI Баталинэ Ольгэ.

зэхъуэкIыныгъэхэр иджыри халъхьэну. «Сыт къэралым унафэ щIытрищIыхьын хуейр хэт тхэнуми, сыт итхынуми, дауэ тхэнуми?», - жиIащ абы.

IэщIагъэ мардэхэр къащта иужькIэ лэжьапщIэр зэрат щIыкIэми зихъуэжынущ. Абы къыщалъытэнущ IэнатIэм хуеджауэ зэрыхищIыкIымрэ къигъэлъагъуэ зэфIэкIымрэ. Студентхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ уполномоченнэ Хромов Артём зэрыжиIэмкIэ, еджапIэ нэхъыщхьэхэр къэзыухахэм ящыщу лэжьапIэ зыгъуэтыр кIуэ пэтми нэхъ мащIэ мэхъу. Дэнэ щIыпIи IэнатIэхэр щаубыдащ а IэщIагъэм хуемыджауэ, ауэ щылажьэурэ зэрыхъукIэ зызыгъэсэжахэм. Аращ ди экономикэмрэ гъащIэмрэ я щытыкIэр апхуэдизу щIыхэплъэгъуэри. Егъэджэныгъэмкlэ министерствэм егъэхьэзыр иужьрей илъэсхэм еджапIэ нэхъыщхьэ къэзыухахэм IэнатIэ зэрагъуэта щIыкIэр къэзыгъэлъагъуэ бжыгъэхэр. Ахэр лэжьапIэ Iутхэм я IэщIагъэр зыгъэнаIуэу Пенсэ фондым къыIэрыхьа хъыбархэм ирагъэпщэжынущ. ЗэкIэ зэрыхуагъэфащэмкIэ, лэжьакIуэхэм я нэхъыбэм зэрахьэ IэнатIэр зыхуемыджахэрщ е зыхуеджам темыхуэхэрщ.

IэщIагъэмкIэ мардэхэр фIэкIыпIэншэу къэгъэсэбэпыным и проектыр Урысейм и Президентым и къэрал-хабзэ управленэм, Профсоюз Щхьэхуитхэм я Федерацэм, Промышленникхэмрэ хьэрычэтыщIэмрэ я Урысей Зэгухьэныгъэм щыдаIыгъащ.

**ИВАНОВ Максим,**
**ГОРЯШКЭ Сергей,**
**ЧЕРНЫХ Александр.**
*«Коммерсантъ»*

## Иужьрей илъэситхум къэмыхъуауэ

● ЩIыдагъэ

**ЩIыдагъэм и уасэр увыIэгъуэ имыIэу йохуэх. Гъубж кIуам Brent лIэужьыгъуэм и зы баррелым щIатыр доллар 60-м зэрыщIигъу щыIэтэкъым.**

2009 гъэм и бадзэуэгъуэ мазэ лъандэрэ щIыдагъэм и уасэр апхуэдизу пуду зэи щытакъым. WTI лIэужьыгъуэм и уасэр нэхъ пудыжщ - доллар 55-рэ.

Мы илъэсым щIыдагъэм и уасэр процент 47-кIэ кIэрыхуащ. Мэкъуауэгъуэм и 19-м Brent лIэужьыгъуэм и зы баррелым доллари 116-рэ къыщIэкIыу щытащ. Иджы доллар 60-м щIигъу къудейщ.

Рынокым фIыуэ хэзыщIыкIхэм къызэралъытэмкIэ, щIыдагъэм и уасэр адэкIи ехуэхынущ. Ар зы баррелым хуэзэу доллар 50-м нэсыну хуагъэфащэ.

Уасэр зэрехуэхам щхьэкIэ къэмынэу, щIыдагъэ къыщIэзышхэм абы и куэдагъыр ягъэмэщIэну я мурадкъым. Хьэрып Эмират Зэгуэтхэм энергетикэмкIэ и министр Сухейль аль-Мазруи жиIащ ЩIыдагъэ зыщэ къэралхэм я зэгухьэныгъэм (ОПЕК) хэтхэр я квотэхэм кIэрамыгъэхуну зэрызэгурыIуар, зы баррелым и уасэр доллар 40-м нэс ехми.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, Урысей Федерацэм къыщащта 2015 гъэм и бюджетым и хэхъуэ нэхъыщхьэр щIыдагъэр зэращэм къыпэкIуэнущ. Абы и зы баррель къэс доллар 98-рэ къыщIэкIыну яубзыхуащ, арщхьэкIэ...

***«Аргументы и факты».***



ЩIыдагъэ къыщIэшыпIэхэр къызэтоувыIэ.

ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Заурбэчщ.



85

*Нобэ, дыгъэгъазэм и 25-м, илъэс 85-рэ ирокъу адыгэ щIэныгъэлI, тхакIуэ цIэрыIуэ Сокъур Мусэрбий къызэралъхурэ. Къэбэрдей литературэм и тхыдэр кууу зыджа къэхутакIуэщ ар. Абы и къалэмыпэм къыщIэкIащ адыгэ тхакIуэхэм, усакIуэхэм я тхыгъэхэр щызэпкърыха лэжьыгъэ хьэлэмэт куэд.*

*Сокъур Мусэрбий Хьисэ и къуэр Арыкъ (Борыкъуей) къуажэм 1929 гъэм къыщалъхуащ, Налшык дэта интернат еджапIэр къиуха нэужь, Ленинград къэрал университетым, абы и аспирантурэм щеджащ, 1954 гъэм щыщIэдзауэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щригъэджащ. 1990 гъэм дунейм ехыжащ.*

*Сокъур Мусэрбий и тхыгъэхэр щызэхуэхьэсауэ къыдэкIащ «Лирика Алима Кешокова», «Зыужьыныгъэм и гъуэгукIэ», «Литературэм и бэкъуэкIэ», «Къэхутэныгъэм и гугъупIэ», «Тхыгъэхэр» тхылъхэр. Абы къызэринэкIащ усэ тхылъитIи - «ЩIыщIэжь», «Нэпкъыжьэ».*

# Сокъур Мусэрбий хуэдэ диIакъым

## Тхьэр зыхуэупса

**Сокъур Мусэрбий зыцIыхуу, фIыуэ зылъагъуу, и ныбжьэгъуу щытахэм ноби ягу ихуркъым, лъагъуныгъэ хуаIар нэхъ къэлъэхъшауи гу лъыптэркъым. Зэ хуэзауэ, епсэлъылIауэ, ерыскъы Iэнэм щыбгъэдэсауэ, и псалъэмакъ, и гушыIэ дахэр зэхэзыхауэ ар зи псэ дэмыхьарэ сыт и лъэныкъуэкIи адрейхэм зэремыщхьым, зэрефIэкIым гу лъызымытарэ къэгъуэтыгъуейщ. Сыт и лъэныкъуэкIи Тхьэр бащэу зыхуэупса цIыху телъыджэр лъэпкъым уиIэныр, апхуэдэ пхуэлэжьэныр, къыбдалъагъун къудейр куэд и уасэт.**

ЩХЬЭУСЫГЪУЭ зэхуэмыдэхэм къыхэкIыу, абы хузэфIэкIакъым и щIэныгъэр фIыуэ илъагъу и лъэпкъым къанэ щымыIэу хуигъэлэжьэну, ауэ абы и акъыл нэхум къигъэщIауэ, и Iэдакъэ жумартым къыщIэкIауэ дэ къитхуигъэна тхыгъэхэм хуитыныгъэ къыдат лъэпкъым и цIыху нэхъ пэрытхэм ящыщ зыуэ ар къэтлъытэну, фIыщIэ жыг хухэтсэну, и цIэ лъапIэр ди гум щыдгъэфIэну.

Мусэрбий щIэныгъэ бгъэдэлъым и кууагъыр, Iуэху еплъыкIэ тэмэм зэриIэр, анэдэлъхубзэр IэкIуэлъакIуэу къызэригъэсэбэпыр къыщигъэлъэгъуар критикэмрэ литературоведениемрэщ.

Дэтхэнэ зыри усакIуэ, композитор, музыкант зэрымыхъум ещхьу, хэти егъэджакIуэ нэс къыпхухэщIыкIынукъым, абы ухуалъхуауэ, ухуэщIауэ ущытыныр Iэмал зимыIэщ. Сокъур Мусэрбий Ленинград дэт университетым къыщыщIидзэри, иужькIэ Къэбэрдей-Балъкъэр пединститутми университетми илъэс плIыщIым нэблагъэкIэ урыс литературэм и тхыдэр щригъэджащ. Урысыбзэр уэрсэру зэрищIэм, къызыдалъхуахэм нэхърэ куэдкIэ нэхъ Iэзэу ар къигъэсэбэпу зэрыщытам и гугъу умыщIыххи, абы и лекцэхэм едаIуэу ар зи псэ дэмыхьарэ игъащIэ псокIэ зигу къимынарэ гъуэтыгъуейщ. Унэм щитха, щигъэхьэзыра тхылъымпIэхэм и щхьэр къимыIэту еджэхэм ар ящыщакъым. ЕджакIуэхэм я пащхьэ къиувэрэ зэпсэлъэн щIидзамэ, къедаIуэхэр абы жиIэм щIэлъ гупсысэм, къарум, макъамэм, дахагъэм занщIэу ятхьэкъуурт, сыхьэтитIыр зэрыкIуар ямыщIэу иIыгът. ТхакIуэм е усакIуэм и тхыгъэхэм, нэгъуэщIхэм ахэм хужаIахэм тепсэлъыхьырт, тхылъымпIэмкIэ емыплъэкIыу.

Мусэрбий иIащ зыхилъхьэ щымыIэу фIыуэ илъагъу усакIуэ куэд, абыхэм языхэзми и усэ Iэджэ абы гукIэ ищIэрт, Iэзэу къеджэрт, зэ щIидзамэ, тыншу къыпхуэгъэувыIэжыртэкъым.

Ди щIалагъэм, зэхэщIыкIыншагъэм и зэранкIэ я мыхьэнэр, я пщIэр къыдгурымыIуэу дэ фIыгъуэ куэд тфIэкIуэдащ. ДыIэбэми дылъэмыIэсыжу, ди емыгугъуныгъэкIэ тIэщIэкIахэм ящыщщ Сокъур Мусэрбий и лекцэ къеджэкIэм дызэрыкIэлъымыплъар, ахэр зэрыдмытхар. ГукъэкI тщIыуэ и зэманым абы и лекцэм щыщ Iыхьэхэр, гъунэжу къызэджа усэхэр пленкэм тредгъэтхатэмэ, нобэрей егъэджакIуэхэм я Iэзагъым и зы хэкIыпIэ хьэлэмэт ахэр зэрыхъунум шэч хэлътэкъым. Дыщымыуэмэ, телевиденэм зэгуэрым щытрахауэ щытащ Мусэрбий иригъэкIуэкIа зы пщыхьэщхьэ зэIущIэ. Абы и лэжьакIуэхэм ар трамыгъэкIыжамэ, къагъуэтыжрэ мы махуэхэм къагъэлъэгъуэжмэ, ди гуапэ хъунт.

**ХЬЭКIУАЩЭ Андрей,**
*КъБКъУ-м и профессор.*



Зэныбжьэгъухэм паркым зыщагъэпсэху: Сокъур Мусэрбий, КIурашын БетIал, Шырыт Хьэтызэ, Шэвлокъуэ Пётр. *1958 гъэ*

*Сокъур Мусэрбий и усэхэр*

## Дуней Iуэхухэр

1

КъотIэпIыр нобэ си кхъужьейри.
И нэпс къекIуахэр дыгъэ плъам
Хуэмыгъэгъущу, гъын къудейщи,
ПоткIукIыр си гур сыIуплъам.

АтIэ ирегъ ар. Зэ мыгъамэ,
И гуфIэр сытым IэфI ищIын?
Зыгуэр хуэпабгъэу жыг къудамэм
ЗешэщIри, нэпсри гъущыжынщ.

Ар зыгъагъ дыгъэм и IэмыркIэ
Кхъужь ширхэм я нэри къэпщIынщ,
Дэлъэн и жагъуэщ дыгъэм жыркIэ -
Бзий жанкIэ бынжи пиупщIынщ.

Анэ бгъэ щабэм, зэрихабзэу,
Шэ гъуэжькIэ кхъужьхэр
игъэнщIынщ -
Яригъэфэнщи фоупс къабзэ,
Насып хъурейхэу фхуигуэшынщ.

2

«Насрэн пщIэгъуалэр
кIэбдзкIэрэ матхъуэ,
Щхьэцыгъуэу тIатIэм тхъугъэр
хидзащ...»
Сэ мы уэрэдым куэдрэ селъахъэ,
СщIэркъым ар къихьу къызэзыдзар.

Хэт къызидзами, аркъэну щыIэм
Ар я нэхъ щабэщ - симытхьэлэн.
Ауэ мы си гур уэрэд хуэщIыIэм,
Сэ хэт хуабагъкIэ къызэукъулэн?

Лъэгуажьэ мафIэу пщIэгъуалэ
сокум
ЗыкIэрысщIэнут - сыреауан.
Уэрэд нэхъ жанхэр сэ къызэзыкум
Си макъ гъэхуауэ сфIэфIт сыпеуэн.

Вагъуэпс шэщIахэр си шыкIэпшынэу,
СлъэкIам, мы щIышхуэр джэгукIэ
згъэчэнт.
Дунейм и гущIэм къилъэта бынхэр,
Iэщэр я куэдми, уэрэд хуэчэмщ...

Хэт и пщIэгъуалэ уэгум илъатэр?
Хэт и щхьэцыгъуэ тхъугъэр хидза?
Сэ мы уэрэдыр нэзгъэсыфатэм,
СфIэщIынт ажалым аркъэн ездза!

3

Псы нэхум уафэр хэжэбзащи,
Уэгу нэз щIытахэм зауплIэнщI,
ИгъащIэм зэ ямыхэбзауэ
Ба къысхуащIыну зыкъашэщI.

Мэбзэх псы лъащIэр.
ЩIым и гущIэр
Дыгъэ нэ закъуэм нышIещыкI,
Пщыхьэщхьэм, вагъуэхэр
къэпщIыпщIым,
ЩIым джэгу хуащIынщ -
утыкур япкI.

Солъагъу: нысащIэщ, сыт Iэмырми,
ЩIыр. Дыщэ пыIэр мыулъийщ.
ЩIы гущIэм лъыхэр щигъэпщтыру
ЗыщIешэ лъынтхуэу дыгъэ бзийр.

ЩIы дахэм дыгъэм зыхуегъафIэ,
Тхьэ лъэпкъи ищIкъым тегъэщIэн...
КъэкI псом я лъабжьэр
щIыгулъ IэфIым
ПхыкIын щIафIэфIри арагъэнщ.

4

Ухэплъэрт псынэм хъыджэбз
цIыкIууи,
Уафэ тIатIэшхуэр къохъуэпсат.
Зыгуэр пхуимыщIэм
фIэемыкIути,
Уи лъакъуэм бзэгукIэ къеIусат...
Ухэтт си гъащIэм пщIыхь мыухыу.
Уигу сэ къысхуилъыр къэзыщIам
Естынт щIым фIыгъуэу
къысхущIэхыр,
ХуэсщIынт сэ щхьэщэу сымыщIар.

Къэгубжьрэ бгыжьхэр къачэ хъуми,
Пэзгъэувыфынт зы Iэмал гуэр -
«Ажал» жыхуаIэм ущысхъумэу,
Мывэжь абрэджхэр зэщызгуэнт.

Уи деж нэзгъэзэжын мурадкIэ
Фэрхьэд и къырхэр зэпысхынт.
Дэ тIум ди дыгъэр къуршым адкIэ
ЕмытIысэхыуи къэнэжынт.

5. Сонет

Щыхьэт иIакъым мы
дунейр къыщалъхум.
Псэущхьэ гуэри пшагъуэ
борэн фийм
Къыпхыплъу хуэпэбгъакъым
дуней нэхум,
Зытридзыфакъым мылыгъу
зыгъэдийр.

Ауэ мы щIышхуэм къилъхуащ
щыпэ кIэхуи,
Къилъхуащ гу къабзи,
псэухэр иущийу.
КъигъэщIа фIыгъуэр яхуигуэшми
цIыхухэм
Зэ хущыщIакъым ар игъащIэм шхий.

Сыт щхьэкIэ жыпIэм, щIым
и куэщIым къихуэм
Ящыщ зыгуэри имыбжа пхъэнкIийу,
Сыт щхьэкIэ жыпIэм, пхъэнкIийм
ехьэехуэм
Хузэреуд дапщэщми и лъэдийр.

Дунейм и дамэр цIыхугъэшхуэу
щытмэ,
ЦIыхугъэншагъэм цIыхущ
ажал езытыр.

6

Сыжейркъым тыншу зы жэщ закъуи,
Си шхыIэн кIапэ щIэупщIау.
Жэщ Iэуэлъауэм сагъэсакъри
Сыхощт, зи хадэ яфыщIау.

КъысфIощI щиху лантIэр
яуплIанщIэу
И сокур ятIэм хаута,
НэщIыбзэ хъуауэ уафэ лъащIэм,
Ажал къуалапцIэр щыета.

КъысфIощI дунейм и набдзэ нэхум
КIэгъуасэ фIыцIэ трищIа.
Хьэ щэхурыпхъуэу зиущэхуу
Топышэм зыкъысхуишэщIа.

Ауэ нэху мэщри мэкIуэдыжыр
ПщIыхь мыфэмыцхэр. Къэнэжар
Гу сакъщ. Иджыри джэрпэджэжыр
КъоIу, гыныпс дыджыр щIэгъэжау.

7

Нэхущыр къос. ДэкIащ зы жэщ
иджыри.
Дунейр дыгъуасэ емыщхьу къоуш.
Бзум я нэрыгъщи жьыуэ
къэтэджыныр -
КъызэщIащIауэ йоуэ я тхьэгъуш.

ХоIукI абы адакъэр гъуагъуэ
папщIэу,
ЩIым и натIэхур къуэкIыпIэм
къелъэщI,
Жэщ ежьэжами зэщIекъуэж
и къуащIэр -
Уэсэпсым щыщтэу мэзым
хыхьэж сфIощI.

# ЛIыгъэм и макъамэ

**Дунейм ехыжамэ, тхакIуэм и пщIэр зэралъытэр и гуащIэдэкIырщ. ТхакIуэм и насыпщ абы пщIэ щIыхуащIын лэжьыгъэ къызэринэкIамэ, а и IэдакъэщIэкIыр цIыхухэм къабыл ящIамэ.**

ИГЪУЭ нэмысауэ, хузэфIэкIынум хуэдиз илэжьын хущIэмыхьауэ, дунейм ехыжащ Сокъур Мусэрбий Хьисэ и къуэр. Тхылъ Iув Iэджэм я уасэ Сокъур Мусэрбий и гуащIэдэкIыр зэи щыужьыхынукъым ди литературэм и тхыдэм. Зи цIэ ягъэпIийуэ, къэрал саугъэтхэмкIэ зэщIэблауэ щыта тхыгъэ «дыгъэл» куэд IэщIэкIуэдэжащ зэманым - щыIаи щымыIаи: я цIэ къудей ираIуэжыркъым нобэ. Абы и щхьэусыгъуэр гурыIуэгъуэщ: гупкIэпысхэм я «пшыналъэти», зыдежьууахэм я ужьыр яхуащ, нобэ щыгъуазэри литературэм и тхыдэр джын хуейуэ зи пщэ дэлъхэрщ. Ар къащыщIакъым Сокъур Мусэрбий къызэринэкIа тхыгъэхэм. КъащыщIакъым, ахэр зи гупсысэр кууу, зи акъылыр бзыгъэ, пэжымрэ захуагъэмрэ зи гъуазэ цIыхум и Iэдакъэ къыщIэкIати.

ЗэчийкIэ Тхьэр псоми яхуоупсэ - хэт нэхъыбэкIэ, хэт нэхъ мащIэкIэ. Дауи щрети, зэрагъэунэхуащи, зыгуэрым хуэмыфI хьэдрыхэ кIуэркъым. Зэчий ин дыдэкIэ Тхьэр зэтахэм ящыщащ Сокъур Мусэрбий - абы щыхьэт техъуэфынущ адыгэлI щыпкъэм и зы тхыгъэ нэхъ мыхъуми еджа дэтхэнэри. Къалэмыр IэщIэлъыху, Сокъур Мусэрбий ди нэгу щIигъэкIащ абы и псалъэм и гуащIэр зэрыиныр, и акъылыр зэрынэхур, и нэр зэрыжаныр. Сокъур Мусэрбий и япэ тхыгъэр дунейм къыщытехьа махуэм псоми хьэкъ ящыхъуауэ щытащ зи къалэмыр жан, зи гупсысэр куу цIыху ди литературэм къызэрыщIэтэджар. Дигу къэдгъэкIыжынщ «Iуащхьэмахуэ» журналым и япэ номерым Мусэрбий тридзауэ щыта «Къэбэрдей литературэм зэрызиужьам и IуэхукIэ» тхыгъэр. Куэд игъэуIэбжьауэ щытащ а тхыгъэм. ИмыгъэуIэбжьынкIи Iэмал иIэтэкъым: ди литературэм и тхыдэр Сокъурым ди пащхьэ кърилъхьащ абы ипэкIэ зэрамыджауэ, зэремысауэ. Мусэрбий нэгъуэщIынэкIэ дыхигъэплъащ ди литературэм и тхыдэм, а тхыгъэм иужькIэ лъэпкъ литературэм и тхыдэм нэгъуэщI «теплъэ» игъуэтауэ жыпIэ хъунущ - абы и щыщIагъэхэри и ехъулIэныгъэхэри куэдкIэ нэхъ IупщI ищIын хузэфIэкIащ Сокъур Мусэрбий. Зи цIэ къитIуа тхыгъэм («Къэбэрдей литературэм зэрызиужьам и IуэхукIэ») иужькIэ куэд мыщIэу Сокъурым «Iуащхьэмахуэ» журналым тридзауэ щытащ «ЛIыгъэм и макъамэ» тхыгъэ пIащэр - КIыщокъуэ Алим и лирикэм (ар къудейкъым - адыгэ пшыналъэм) и гъуэгуанэр, и хьэлэмэтагъхэр, и унэтIыпIэ-гъэзапIэхэр щиху-тар. А тхыгъэми игъэуIэбжьар мащIэкъым, ткIыбжьыIуэ къащыхъури, иригъэлеиIуэ къафIэщIIри. Абы щхьэкIэ икIуэтыжакъым Мусэрбий, и гупсысэм текIакъым, къалэмыр IэщIэлъыху езым и Iуэху еплъыкIэр иIуэтэн щигъэтакъым.

Апхуэдэ цIыхут Сокъур Мусэрбий, псэуху, зыгуэрхэм я гуапэ ищIын щхьэкIэ, и гум имылъ щиIуэтаи щыдичыхаи къэхъуакъым. Къэхъуакъым, Сокъурыр акъылышхуэ зиIэ, щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ, жыжьэ плъэф, пэжымрэ захуагъэмрэ темыкI цIыхути. Ар уи фIэщ ящI Мусэрбий къызэринэкIа тхыгъэхэм я фIыпIэм.

Сокъур Мусэрбий и гуащIэдэкIым и пщIэр дэкIуэтей зэпытурэ зэрыщытынум шэч къыщIытепхьэн щыIэкъым, ауэ а пщIэр зыхуэдизымрэ и мыхьэнэмрэ иджыри къэс лъыта, джа, хута зэрымыхъуари нэрылъагъущ. Литературэм и тхыдэр щаджкIэ, хабзэ зэрыхъуащи, псом япэ зи цIэ ираIуэр, жьантIэр зылъагъэсыр, тхыдэм и «бжаблэм» иратхэр усакIуэхэмрэ тхакIуэхэмрэщ, Мусэрбий щылэжьа IэнатIэм (критикэмрэ литературнэ щIэныгъэмрэ) бгъэдэтахэм я цIэр ягу къыщыкIыжыр зэзэмызэщ - псалъэм къыдэкIуэу. Къалэмыр зыIэщIэлъа цIыхум и гуащIэр зэрылъытэн хуейр, дауи, ар щылэжьа жанрыракъым. Нэхъыщхьэр абы и гуащIэдэкIым и мыхьэнэрщ, ар усэуи, романуи, пьесэуи, критикэуи щрырети. Дэнэ IэнатIи щрелажьэ, къалэмыр зи Iэщэм и гуащIэмкIэ литературэм зы лъэбакъуэ нэхъ мыхъуми иригъэчын хузэфIэкIамэ, апхуэдэм и пщIэр бгъэкIуэд хъунукъым.

Бгъэдэлъ Сокъур Мусэрбий апхуэдэ пщIэ? Ди литературэм лъэбакъуэщIэ иригъэчын хузэфIэкIа абы? А упщIэхэм жэуап иритыну хуитщ дэтхэнэри. Сэ зэрыслъытэмкIэ, Сокъур Мусэрбий ди литературэм и чэзум къыщIэтэджауэ щымытамэ, ар и пIэ Iэджэрэ иуджыхьынт, гъэзапIэ хуэхъунумрэ зыщIэкъупхъэмрэ лъыхъуэ зэпытурэ. Зи IэпкълъэпкъыкIэр зэрыубыдагъащIэ литературэхэм зрачын папщIэ, Сокъурым хуэдэ цIыху къащIэтэджэн хуейщ. 60 гъэхэм щыщIэдзауэ ди литературэм лъэбакъуэщIэ ичамэ, ар куэдкIэ и фIыгъэщ Сокъур Мусэрбий. Абы и псалъэр, щIэныгъэ куурэ гупсысэ жанкIэ гъэнщIауэ, ди литературэм щыIуа нэужь, ар тегушхуэгъуафIэ ящIыжыфакъым, литературэр хэхъуапIэрэ шхапIэрэ зыщIауэ щыта «псынщIэрытхэ» куэди хуэмхуэмурэ кIэрыщэщыжащ, утыкум къихьащ нобэ абы жыджэру щылажьэ тхакIуэ, усакIуэ щIэблэ гуащIафIэ.

Нэхъ белджылыуэ жыпIэмэ, ди литературэр гъуэгуанэщIэ теуващ, зиужьын щIидзэри лъагапIэщIэхэм ебгъэрыкIуащ. АбыкIэ фIыщIэ зыбгъэдэлъхэм ящыщщ Сокъур Мусэрбий. Ар и щхьэ трилъхьэн дэнэ къэна, и пщIыхьэпIи къыхэхуэу щытакъым Мусэрбий - апхуэдэ фIыщIэ зэрыбгъэдэлъыр, лъэпкъ литературэм лъэбакъуэщIэ ирагъэчын зыхузэфIэкIахэм ящыщ зыуэ зэрыщытыр.

Сокъурым псом хуэмыдэжу къаруушхуэ ирихьэлIащ адыгэ усакIуэшхуэ КIыщокъуэ Алим и лирикэр джыным. Мусэрбий щIиплъыкIащ КIыщокъуэм и лирикэм зэпича гъуэгуанэ кIыхьыр. ЩIиплъыкIа къудейкъым: усакIуэм и творческэ гъуэгуанэм мыхьэнэ щызиIа дэтхэнэ усыгъэми и гъэпсыкIэмрэ и мыхьэнэмрэ игъэбелджылын хузэфIэкIащ, а гъуэгуанэм и гъэзапIэ, ублапIэ нэхъыщхьэхэр иубзыхуащ.

КIыщокъуэ Алим и тхыгъэхэм куэдрэ тетхыхьащ Мусэрбий - и усыгъэхэри и романхэри къызэщIиубыдэурэ зэдиджащ, зэпкърихащ абыхэм я шыфэлIыфэмрэ я мыхьэнэмрэ. Ар куэдыIуэрэ псалъэмакъ зэрищIым щхьэкIэ, Мусэрбий гукъанэ хуэзыщIи щыIащ. Гукъанэ къыхуэзыщIхэм псалъэ япидзыж и хабзэтэкъым Сокъурым, КIыщокъуэм и гуащIэдэкIыр иджыни ихутэни зэпигъэуртэкъым.

Дауи, Сокъурым абыкIэ гукъанэ къыхуэзыщIахэр КIыщокъуэ Алим «пеуэхэрагъэнт»: дэ дынэхъыкIэ, дынэхъ гуащIэмащIэ?! «НэхъыкIэмрэ» «нэхъ гуащIэмащIэмрэ» зэманым зэхигъэкIащ, щхьэж къылъыс IэнатIэм щысабырыжри. КIыщокъуэ Алим хьэIупс щащIа зэманым абы дагъэкIуэнт Сокъур Мусэрбии - «гущхьэIыгъхэм» я гур апхуэдизкIэ къыхуэплъырти. НэгъуэщI щхьэусыгъуэ къыхуагъуэтурэ, Мусэрбий мащIэрэ зэхэзехуэн ящIакъым а зэманым, и лэжьыгъэ IэнатIэм къыщыIуагъэкIаи къэхъуащ - цIыхум сыт хуэдэ щхьэусыгъуэри къыхуэбгъуэтыфынущ, уи гур хуэплъмэ.

Зэмыныбжьыми, КIыщокъуэ Алимрэ Сокъур Мусэрбийрэ яку ныбжьэгъугъэ дахэ зэрыдэлъар псоми дощIэ. ШынэхъыщIэ хуэдэ къилъагъурт ди литературэм и тхьэмадэм Мусэрбий, иригушхуэрт абы хэлъ цIыхугъэ лъагэмрэ гукъабзагъэмрэ. СощIэж Алим мыр жиIауэ зэрыщытар: «Мусэрбий хуэдэ куэдрэ къалъхуркъым, ди лъэпкъым Тхьэр къыщыхуэупсэнум деж апхуэдэ цIыху къытщIегъахъуэ. Ар езы Мусэрбий ищIэжыркъым». КIыщокъуэм абыкIэ акъылэгъу дэмыхъун гъуэтыгъуейщ: ди лъэпкъым Тхьэр къызэрыхуэупса цIыху телъыджэхэм ящыщащ Сокъур Мусэрбий - и акъылкIэ, и щIэныгъэкIэ, и цIыхугъэкIэ, и къабзагъэкIэ. Абы зы махуи ирипэгакъым Мусэрбий, цIыхум захиIэтыкIауэ, и щхьэм темылъ трилъхьауэ зылъэгъуаи щыIэкъым. «Жьым щхьэ ядешх, щIэм лъакъуэ ядешх» зыхужаIэхэм ящыщащ Мусэрбий, лэжьэгъухэми ныбжьэгъухэми яхэзагъэ, я пщIэр зылъытэф цIыхуущ дунейм зэрытетар. Езым закъыхимыгъэщми, ныбжьэгъуми лэжьэгъуми ящIэрт Мусэрбий щIэныгъэкIи, акъылкIи, цIыхугъэкIи зыхэтым зарефIэкIыр.

Сокъур Мусэрбий нэхъыбэм зэрацIыхур и литературэ, критикэ лэжьыгъэхэмкIэщ. Дауи, ахэращ абы и зэчийр нэхъ щызу, IупщIу нэрылъагъу щыхъуар. А тхыгъэхэм нэмыщI, Мусэрбий къызэринэкIащ гупсысэ куукIэ гъэнщIа усыгъэ телъыджэхэри. Езы Мусэрбий зэи зилъытэжакъым усакIуэу, а цIэм щIэбэгакъым. Утыку ихьэу е и ныбжьэгъухэм щахэтым деж и усэ къеджэу щытакъым. И щхьэ трилъхьэртэкъым, зы усэ къаIэщIэтхыхьамэ, утыку илъадэхэм, ар зи напщIэ телъхэм, абы ирипагэхэм ящыщтэкъыми.

Гупсысэр зэраIуатэр бзэращ. Шэч хэлъкъым: зи гупсысэр жаным и бзэри жанщ. Апхуэдащ Мусэрбий и бзэри и гупсысэри. Ди литературэм щыгъуэтыгъуейщ абы хуэдэу адыгэбзэр зыгъэшэрыуэфа. Сокъурым и къалэмым къыщIигъэлъэфащ адыгэбзэм и куупIэ дыдэр, абы и дэтхэнэ тхыгъэми щызыхыбощIэ ди бзэр зэрыкъулейр, дэтхэнэ псалъэри щичэзум деж къэбгъэсэбэпмэ, щIэщыгъуэ, шэрыуэ, гукъинэ зэрыпхуэщIынур. Ар хузэфIэкIащ Мусэрбий. Сокъурым и тхыгъэхэм ущытезашэ къэхъуркъым, уеджэн щIэбдзэмэ, узыIэпишэ зэпытщ - и гупсысэр зэрыжаным, зэрыкуум нэмыщI, ар зи фIыщIэр Мусэрбий и адыгэбзэ къулейрщ.

ЛIыгъэм и макъамэ - апхуэдэцIэ фIищыгъащ Сокъурым и тхыгъэ пасэхэм ящыщ зым. Ардыдэр хуэфащэщ езы Мусэрбий и гъащIэми и гуащIэдэкIми - лIыгъэм и макъамэ. Дунейм тетыху, лIыгъэмрэ цIыхугъэмрэщ абы гъуазэу иIар, и тхыгъэхэми къащIэIукIыр а макъамэ бзафIэрщ.

**КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.**



Мусэрбий Ялтэ зыщегъэпсэху. *1978 гъэ*



Студентхэр колхозым щегъэлажьэ. *1965 гъэ*



КъБКъУ-м и доцентхэу Мыд Мухьэрбийрэ Сокъур Мусэрбийрэ. *1969 гъэ*

Пшыхьхэр


Мусуков Алий мэхъуахъуэ.


Башкирием къикIа хьэщIэхэм я тыгъэхэр.

# Танзиля и щIыхькIэ

**КъБАССР-м и цIыхубэ усакIуэ, Горький Максим и цIэр зезыхьэ Къэрал саугъэтым и лауреат Зумакуловэ Танзиля и ныбжьыр илъэс 80 зэрырикъум теухуа пшыхь гуапэ щекIуэкIащ Налшык дэт Музыкэ къэрал театрым.**

КъБР-м и Iэтащхьэм къыбгъэдэкI хъуэхъу тхыгъэм къеджащ Правительствэм и Iэтащхьэ **Мусуков Алий**. Абы итщ: «ПщIэ зыхуэтщI Танзиля! Дигуми ди псэми къабгъэдэкIыу уи махуэ лъапIэмкIэ дынохъуэхъу. Къэбэрдей-Балъкъэрым, нэгъуэщI щIыпIэхэм щыпсэухэм фIыуэ ялъагъу япэ балъкъэр цIыхубз усакIуэм уи Iэдакъэ къыщIэкIа, гъащIэм и дахагъэр къызыхэщ уи усэ купщIафIэхэр. ТхакIуэ цIэрыIуэ Айтматов Чингиз Кавказым и усакIуэ нэхъыфI дыдэхэм ящыщ зыуэ укъилъытащ. Нобэ уи тхыгъэхэр цIыхубэм зэIэпах. Хэкум узэрыхуэпэжым, абы и гуауэри гуфIэгъуэри зэрыдэбгуэшым щыхьэт тохъуэ уи Iэдакъэ къыщIэкIа усэхэр. ЦIыхубэ усакIуэм и пщэ къыдэхуэ жэуаплыныгъэмрэ абы и мыхьэнэмрэ фIыуэ къызэрыбгурыIуэр наIуэщ. ГуфIэгъуэ ущымыщIэну, гъащIэ узыншэ, дахэ къэбгъэщIэну сынохъуэхъу».

УсакIуэм и илъэс бжыгъэ дахэр Урысейм ЩэнхабзэмкIэ и илъэсыр и кIэм щынэблагъэм зэрырихьэлIамрэ а зэхыхьэхэм Зумакуловэр къыщалъхуа Iуащхьэмахуэ районым зэрыщыпащэнумрэ къыхигъэща нэужь, КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** усакIуэм ехъуэхъуащ.

- Танзиля и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ щапхъэщ Къэбэрдей Балъкъэрым и усыгъэм хэлъхьэныгъэфIхэр зэрыхуищIамкIэ, щIыналъэм щыпсэу цIыхухэм псэгъэгуфIэ-дахагъэ зэраритымкIэ, - жиIащ министрым. - Урысейм и мызакъуэу, щIыналъэ куэдым исхэм Танзиля и усэхэр фIыуэ ялъагъу.

Зумакуловэ Танзиля и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ теухуа Iуэхугъуэхэм Къумахуэр кIэщIу къыщытеувыIэм, и тхыгъэ нэхъыфIхэм я цIи къриIуащ. Апхуэдэщ зи хэку залымыгъэкIэ зрагъэбгынахэм зэрахьа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ я гимн, лажьэншэу яукIахэм я гъыбзэ хъуа «Чужбина» поэмэр.

- Танзиля и къалэмыпэм усэ тхылъ тIощIым щIигъу къыщIэкIащ. Ахэр адыгэбзэкIэ, урысыбзэкIэ, нэгъуэщIыбзэхэмкIэ зэрадзэкIащ, - жиIащ Къумахуэ Мухьэдин. - УсакIуэм и тхыгъэхэр гуапагъэм, захуагъэм, лъэпкъ зэныбжьэгъугъэм хуэгъэпсащ.

«Литературная Россия» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Огрызкэ Вячеслав** балъкъэр усыгъэм и классикыу ялъытэ Зумакуловэм ехъуэхъуа нэужь, и псалъэм къыхигъэщащ Кавказым и литературэр сыт щыгъуи зэрыфIэгъэщIэгъуэнур, абы зэрыдихьэхыр.

Зи махуэшхуэр зыгъэлъапIэ усакIуэм хъуэхъукIэ зыхуагъэзащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ **Жанатаев Сэлим**, Гъуазджэхэмрэ щэнхабзэмкIэ Москва и къэрал университетым и профессор, Горький Максим и цIэр зезыхьэ Къэрал саугъэтым и лауреат, Лермонтовым и фондым и унафэщI **Парпарэ Анатолэ**.

Зэхыхьэм кърихьэлIахэм къахуеджащ тхакIуэхэу МэшбащIэ Исхьэкъ, Васильевэ Ларисэ, Евтушенкэ Евгений, Дементьев Андрей, Распутин Валентин, Сорокин Валентин, нэгъуэщIхэми къабгъэдэкI хъуэхъухэм.

Пшыхьым зыкърагъэхьэлIащ КъБР-м и Правительствэмрэ Парламентымрэ я лIыкIуэхэм, Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэхэм я унафэщIхэм, Москва, Ростов областым, Ставрополь, Краснодар крайхэм, Тэтэрстан, Башкортостан, Къэрэшей-Шэрджэс, Шэшэн, Ингуш, Дагъыстэн республикэхэм къикIа хьэщIэхэм.

Зумакуловэ Танзиля и усэхэм гъэхуауэ къеджащ республикэм и артистхэр. Ди уэрэджыIакIуэ, къэфакIуэ пажэхэм я уэрэдхэмрэ къафэхэмрэ усакIуэм тыгъэ хуащIащ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*


Танзиля бгъэдэсхэщ Елгъэр Кашифрэ Толгуров Зейтунрэ.


«Балкария» ансамблыр къофэ.


Кхъуэlуфэ Хьэчим къопсалъэ.


Пшыхьым кърихьэлIахэр.

# Зубер и лIыгъэ

**КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ Тхьэгъэзит Зубер и ныбжьыр илъэс 80 зэрырикъуар дыгъэгъазэм и 22-м республикэм щагъэлъэпIащ. Абы хэтащ ди Парламентым, Правительствэм, Жылагъуэ палатэм я лIыкIуэхэр, Дагъыстэным, Тэтэрстаным, Башкортостаным, Краснодар, Ставрополь крайхэм къикIахэр. Зэхыхьэм кърихьэлIащ «Новый ключ» тхылъ тедзапIэм и унафэщI Рахманов Вадим, РСФСР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща, Лермонтовым и цIэр зезыхьэ дунейпсо фондым и унафэщI, МГУ-м и профессор Парпарэ Анатолэ сымэ, нэгъуэщIхэри.**

ИУЖЬРЕЙМ къыщыпсалъэм жиIащ: «Тхьэгъэзит Зубер и къалэмыпэ къыщIэкIа куэд седжащи, шэч къытезмыхьэу тезгъэчыныхьыфынущ и тхыгъэхэм губзыгъагъэрэ щэнхабзэрэ зэрахэлъыр. Руставели Шота «Къаплъэныфэ зыщыгъ зекIуэлI» и тхыгъэр зэбдзэкIын папщIэ, лIыгъэшхуэ пкъуэлъын хуейтэкъэ?! Пушкин Александр и «Евгений Онегин» романыр-щэ?! Ар етIуанэ лIыгъэт! А тIум къакIэлъыкIуащ Лермонтовым, Есениным, Некрасовым, нэгъуэщI урыс тхакIуэшхуэхэми я IэдакъэщIэкIхэр зэдзэкIауэ. Сохъуэхъу апхуэдэ гукъыдэж иджыри иIэу Зубер тхуэпсэуну».

Зи махуэшхуэр зыгъэлъапIэм ехъуэхъуащ **Рахманов Вадими**. Абы жиIащ Тхьэгъэзитыр илъэс 30 хъуауэ зэриныбжьэгъур, зым адрейм и усэхэр зэрадзэкIыу зэрыщытар.

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий** къеджащ республикэм и Iэтащхьэм къигъэхьа тхыгъэм. Абы къыхощ илъэс 60-м щIигъуауэ лъэпкъ щэнхабзэм хуэлажьэ цIыхум пщIэшхуэ къызэрыхуищIыр. «Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу дэтхэнэми жиIэфынущ уи IэдакъэщIэкIхэр щIыналъэм и хъугъуэфIыгъуэ хъуауэ», - къыхигъэщащ КIуэкIуэм.

Тхьэгъэзит Зубер и гъащIэмрэ и лэжьыгъэмрэ кIэщIу тепсэлъыхьащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**.

Пшыхьыр ягъэдэхащ «Кабардинка», «Балкария», «Тэрч къэзакъхэр», «Шэджэм псыкъелъэхэр» ансамблхэмрэ ди уэрэджыIакIуэ пажэхэмрэ. Зубер и усэхэм къеджащ УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ ЖьакIэмыхъу КIунэ, КIэхумахуэ ФатIимэ, Хьэмырзэ Ахьмэд, СКГИИ-м и студент Сибэч Алим сымэ.

«Тхылъхэр зэпэубыдауэ щыщыта зэманым дыкъыпхыкIащ Зуберрэ сэрэ. Нобэ хуэдэу сощIэж тыкуэнхэр щIэтпщытыкIыу къалэр къызэхэткIухьу зэрыщытар. Зэманым зихъуэжащ, ауэ дыщогугъ усыгъэ зыфIэфIхэр иджыри литературэм, Тхьэгъэзит Зубер хуэпэжыну», - жиIащ КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и тхьэмадэ **Кхъуэlуфэ Хьэчим**.

Зубер фIыщIэ псалъэхэмкIэ зыхуагъэзащ абы и уэрэдхэр япэу зыгъэзэщIа **Гъэсашэ Натальерэ Бэгъуэтыж Светланэрэ**. «ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым и егъэджакIуэхэмрэ студентхэмрэ къабгъэдэкIыу дынохъуэхъу узыншагъэ уиIэну, усэ куэд уи Iэдакъэ къыщIэкIыну. ТфIэфIу уи уэрэдхэр сыт щыгъуи дгъэзэщIащ. «Бгым сыдокI» фIэпщауэ япэу къыдэбгъэкIа тхылъым и фIэщыгъэм хуэбгъадэ хъунущ уэ езым уи гъащIэр. Пэжщ, лъагапIэм унэсыныр гугъущ, ауэ пщIэ зыпылъщ. Ар, Зубер, уэ уи къарум къихьащ. Уи усэхэр езыхэр макъамэу зэхэлъщ, сыт я уасэ «Дыщэ бжьэхэр» (макъамэр ХьэIупэ ДжэбрэIил итхащ), уэрэдыр. Лъэпкъыр хуэпщIамкIэ къыпхуэарэзыщ, Тхьэм утхуигъэузыншэ», - апхуэдэ хъуэхъукIэ зыхуигъэзащ Тхьэгъэзитым Гъэсашэ Наталье.

Iуэху дахэм етIуанэ махуэм щыпащащ Тэрч районым хыхьэ Болэтей (Терекскэ) къуажэм и курыт школым. «Минги-Тау» журналым и редактор нэхъыщхьэ **Додуев Аскэррэ** ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ фондым и тхьэмадэ **ЩоджэнцIыкIу Леонидрэ** Тхьэгъэзитым иратащ ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэкIэ къыдагъэкIа медалыр. Зубер къехъуэхъуащ Болэтей жылэм и Iэтащхьэ **Хъаний Заурбэч**, Тхьэгъэзит лъэпкъым я нэхъыжь **Хьэмзэт**, жылэдэсхэр. Тэрч районым и Iэтащхьэм и къуэдзэ **КIэрэф Мурадин** къыхигъэщащ Тэрч щIыналъэм и пщIэр къызэриIэтам папщIэ абы щыпсэухэр Зубер зэрыхуэарэзыр. Мурадин усакIуэми хьэщIэхэми тыгъэ яхуищIащ иджыблагъэ Котляровхэ Викторрэ Мариерэ я тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIа «Терская земля» сурэт альбомыщIэмрэ фэеплъ медалхэмрэ. Болэтей курыт школым и егъэджакIуэ Къуэдзокъуэ Мадинэ дыщепсалъэм къыхигъэщащ пшыхьыр ныбжьыщIэхэми езыхэми яфIэфIу къызэрызэрагъэпэщар, Зубер и усэхэр яфIэгъэщIэгъуэну класс нэхъыжьхэм щIэсхэм зэраджыр, зэрызрагъэщIэр.

Зэхыхьэм и кIэухым **Тхьэгъэзит Зубер** жиIащ: «Си гуапэщ мы къуажэм сызэрыщагъэлъапIэр. Си адэм сыт щыгъуи къызжиIэу щытащ: «Уи лъабжьэр къыщежьэр Болэтей жылэрщ, ар зэи зыщумыгъэгъупщэ». Абы къыхэкIыу фIыщIэ фхузощI».

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**


КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ Тхьэгъэзит Зубер къыбгъэдэсщ Тхьэгъэзит Русланрэ тхыдэдж Бейтыгъуэн Сэфарбийрэ.


КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин.


Сэхъурокъуэ Хьэутий и хъуэхъу.


Парпарэ Анатолэрэ Рахманов Вадимрэ.


«Кабардинка»-р утыку къохьэ.


«Тэрч къэзакъхэр» ансамблыр утыку итщ.
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# Лъэхъэнэм и цIыху пажэ

**Мэлбахъуэ Тиморэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэм иджыблагъэ щекIуэкIащ «Дунейпсо зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщIхэр» псалъащхьэр иIэу къызэрагъэпэщ пшыхьхэм я зи чэзу зэIущIэ. Ар теухуат Ядернэ физикэмкIэ институтым и профессор, Курчатовым и цIэр зезыхьэ Атом къарумкIэ институтым и дунейпсо лабораторэм и унафэщI Къумахуэ Мурадин.**

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР къэрал университетым и егъэджакIуэхэмрэ студентхэмрэ ящIыгъуу, пшыхьым кърихьэлIат еджагъэшхуэм и къуэш, мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор Къумахуэ Владимир, апхуэдэу, Мурадин и лэжьэгъухэу, иригъэджахэу, щIэныгъэм жыджэру хэтхэу ХъуэкIуэн Мурат, Дедков Георгий, Къумахуэ Адыл сымэ.

Пэублэ псалъэкIэ къызэхуэсахэм захуигъэзащ библиотекэм и унафэщI Емуз Анатолэ. Ар кIэщIу къытеувыIащ Къумахуэм и гъащIэ гъуэгуанэр къызэрекIуэкIам.

Лэскэн ЕтIуанэ къуажэм 1941 гъэм къыщалъхуа щIалэм и адэр зауэм хэкIуадэри, къыщIэна бынихыр и анэм и закъуэ ипIащ. БыниплIым еджэным кууэ зратри, щIэныгъэлI цIэрыIуэ къахэкIащ. 1964 гъэм Мурадин къиухащ Ломоносовым и цIэр зэрихьэу Москва щыIэ къэрал университетым и физикэ къудамэр. А университетым хэт, Ядернэ физикэмкIэ институтым илъэс зыбжанэкIэ щригъэджауэ, 1978 гъэм Атом къарухэмкIэ институтым ирагъэблагъэри, зэман кIыхькIэ абы щылэжьащ. БлэкIа лIэщIыгъуэм и 70 гъэхэм зэлэжьа къэхутэныгъэм Къумахуэр дуней псом цIэрыIуэ щищIащ. Абы япэ дыдэу къихутащ физикэм и унэтIыныгъэщIэу тIу. ТехникэщIэ къэгупсысынымкIэ, ар къыдэгъэкIынымкIэ проектхэм я къызэгъэпэщакIуэу, унафэщIу щытащ Мурадин. Ар я пашэу къыдагъэкIа техникэщIэхэм хуэдэ дуней псом ущрихьэлIэнукъым. Абыхэм ящыщ куэдым къыхуагъэфэщащ медалхэмрэ саугъэтхэмрэ. Къумахуэм и Iэдакъэ къыщIэкIащ щIэныгъэм епхауэ тхылъи 10, статьяуэ 250-м щIигъу, УФ-ми хамэ къэралхэми къыщащтауэ патент 95-рэ.

Лъэпкъ библиотекэм и лэжьакIуэхэм «Къумахуэ Мурадин цIыхубэ зыужьыныгъэм хуищIа хэлъхьэныгъэр» тхылъ гъэлъэгъуэныгъэр къызэрагъэпэщат. Абы къыщыхьат и лэжьыгъэхэм къадэкIуэу, щIэныгъэлIым и гъащIэмрэ и лэжьыгъэмрэ теухуа тхыгъэхэри.

Къумахуэ Мурадин и къэхутэныгъэхэм я мыхьэнэм нэхъ зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ профессор ХъуэкIуэн Мурат.

- Сэ КъБКъУ-м и физикэ къудамэм сыщеджэу, лекцэ, спецкурсхэр иригъэкIуэкIыну тхьэмахуитI хуэдэкIэ Москва къикIыжурэ къэкIуэжырт Къумахуэр. А зэманым сэ тезухуат физикэм и теорие унэтIыныгъэм зестыну. А щIэныгъэлI щэджащэр си унафэщIу си диплом лэжьыгъэр стхыныр къызэхъулIат. Къумахуэм и къэхутэныгъэхэм ятеухуауэ 1980 гъэм КъБКъУ-м дунейпсо щIэныгъэ конференцышхуэ щекIуэкIащ икIи япэу абы си лэжьыгъэ утыку къыщисхьауэ щытащ. Аспирантурэми абы илъэсищкIэ сызэрыщыдэлэжьар ехъулIэныгъэшхуэу къызолъытэ, - жиIащ ХъуэкIуэным.

Къумахуэ Мурадин и гъэсэнхэм ящыщ куэд дуней псом къыщацIыху, пщIэрэ щхьэрэ зиIэ щIэныгъэлI Iэзэ хъуахэщ. Абыхэм ящыщ зыбжанэ хамэ къэралхэм щолажьэ. ДизайнымкIэ колледжым и унафэщIым и къуэдзэ, Мурадин иригъэджахэм ящыщ Къанло Алими гукъэкIыж гъэщIэгъуэнхэмкIэ къызэхуэсахэм ядэгуэшащ.

Пшыхьыр къызэзыгъэпэщахэмрэ абы кърихьэлIахэмрэ Къумахуэ лъэпкъым къыбгъэдэкIыу фIыщIэ хуащIащ щIэныгъэлIым и къуэш Владимиррэ и къуэш бын Иринэрэ.

**ЩОДЖЭН Iэминат.**



# «Уэрэд макъамэ»

## МафIэдз Сэрэбий и тхыгъэхэр щызэхуэхьэсыжа тхылъ къыдэкIащ

«Эльбрус» тхылъ тедзапIэр аргуэру зы тхылъыщIэкIэ къытхуэупсащ: зи тхыгъэ купщIафIэхэмрэ цIыху хэтыкIэ IэдэбымкIэ цIэрыIуэу щыта тхакIуэ, щIэныгъэлI МафIэдз Сэрэбий и IэдакъэщIэкIхэр щызэхуэхьэсыжа къыдэкIыгъуэ дунейм къытехьащ. 2015 гъэм зи ныбжьыр илъэс 80 ирикъу тхакIуэм и дерс купщIафIэхэр уигу къэзыгъэкIыж щапхъэщ «Уэрэд макъамэм» ихуа повестхэмрэ рассказиплIымрэ.

Тхыдэ пасэри, совет лъэхъэнэри, «перестройка» зэхэзэрыхьыгъуэри, дызэрыт зэманри хеубыдэ щIэныгъэлIым и тхыгъэхэм. Къэралми дунейми илъэс зыбгъупщIым и кIуэцIкIэ къыумыцIыхужыну зэрызахъуэжар персонажхэм яIурылъ бзэми, я гупсысэм здиунэтI лъэныкъуэми, я хьэлми къыхощ. ЦIыхугъэм, пэжыгъэм, захуагъэм я телъхьэщ МафIэдзым утыкум къыщигъэпсалъэ литературэ лIыхъужьхэм я нэхъыфIхэр, мыхъумыщIэхэми гур бгъэдигъэкIуэтын щымыгъупщэу. Ауэ ахэр «хужьыбзэуи» фIыцIэ зэфэзэщуи щыткъым: гъащIэм зэрыхэтым хуэдэ дыдэу, фIыри Iейри ядыболъагъу.

«Сэ нэгъуэщI схуэщIэнукъым, зыгуэр сцIалэ е тхылъ седжэ мыхъумэ, - хощэтыкI «Псалъэмакъ гущIыхьэ» рассказым хэт сурэтыщIыр. - Мэкъу сеуэфынукъым, мэз сыкIуэфынукъым, Iэщ схуэIыгъынукъым. ЦIыхум тхэкIэ, еджэкIэ зригъащIэри зигъэунэхъужащ». И фIэщу жиIэу пIэрэ ар тхакIуэм? Абы и жэуапыр къэзыщIэну хуейм МафIэдз Сэрэбий и «Уэрэд макъамэм» еджэну Iэмал иIэщ.

**ЧЭРИМ Марианнэ.**

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур дыгъэгъазэм и 27-рщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къ., Лениным и уэрам, 33.

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531
Тираж 3.648
Заказ №2499